

Posiblite Travay Pandan COVID-19

Livrezon Manje Chofè TLC

Vil la te kreye [Pwogram Livrezon Manje GetFoodNYC](#) pou founi manje pou moun ki frajil pou kowonaviris (COVID-19) ak Nouyòkè ki pa gen sekirite manje ki pa gen sèvis aktyèlman nan pwogram livrezon manje ki la deja yo.

N ap mande chofè ki gen lisans TLC yo pou yo patisipe nan travay enpòtan sa a nan ede fè livrezon manje pou Nouyòkè ki dwe rete lakay yo.

[Vizite paj Livrezon Manje Chofè TLC yo pou aprann plis.](#)

SBS Workforce1

Pwogram Workforce1 pou Sèvis Ti Biznis yo (SBS) ede Nouyòkè yo prepare pou ak konekte nan djòb nan chak sektè nan tout senk minisipalite yo. Grasa sistèm sant karyè vityèl yo a, ou ka konekte nan sitwèb oswa nan telefòn nan èd sèl a sèl avèk pwofesyonèl ki ki kapab ede w:

- Idantifye travay ki koresponn avèk eksperyans ak konpetans ou
- Prepare pou entèvyou yo
- Jwenn aksè nan fòmasyon gratis pou travay

Tout sèvis yo gratis epi yo pa mande vizit fas a fas. Pou jwenn plis enfòmasyon oswa pou enskri ale sou <https://www1.nyc.gov/site/sbs/careers/virtual-wf1cc.page>